

ETA NEW YORK  
 BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI  
**GLOSÈ SIBVANBSYON POU ADOPSYON**

**Akò Sibvansyon pou Adopsyon ak Depans Adopsyon ki pa Renouvlab (LDSS-4623A):** Sa a se yon kontra legal pou peman ant paran adoptif la (yo) ak depatman sèvis sosyal lokal la oswa Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York. Kontra legal sa a dwe fèt nan fòm ki apwouve a epi li pa efikas jiska dat ki make sou fòm lan. Tout siyati ki obligatwa yo dwe sou dokiman sa a. Li enpòtan anpil pou paran adoptif (yo) kenbe yon kopi final apwobasyon Sibvansyon pou Adopsyon ak Akò Depans Adopsyon ki pa Renouvlab yo nan yon kote ki an sekirite ak aksesib pandan tout lavi kontra a.

**Plasman Adoptif:** Yo mete yon timoun nan yon kay pou adopsyon, epi ajans lan ak paran adoptif potansyèl timoun nan te siyen yon Akò Plasman Adoptif (APA). Done APA sa yo anrejistre dapre Lwa Sèvis Sosyal.

**Sibvansyon ki apwouve:** Yon Akò Sibvansyon pou Adopsyon ak Depans Adopsyon ki pa Renouvlab ke paran potansyèl oswa adoptif la (yo), ofisyèl depatman sèvis sosyal lokal la, ak ofisyèl Sèvis Adopsyon Eta New York yo (NYSAS) konsidere ki apwouve.

**Paran Adoptif Apwouve (yo):** Moun ke yon depatman sèvis sosyal lokal, yon ajans volontè ki otorize, oswa ke yon tribinal apwouve pou adopte yon timoun.

**Odit ki dwe fèt:** Tout depans nan fon pibliko soumèt ak odit oswa revizyon pou detèmine ke depans yo te fèt an akò ak lwa ak règleman ki gouvène itilizasyon yo. Yo fè odit tou pou detèmine si operasyon pwogram yo konfòme yo ak estati ak règleman yo. Dirijan lokal, konte, eta ak federal oswa konpayi ke yo angaje pou fè revizyon fiskal ak revizyon pwogram sa yo ka odite apwobasyon sibvansyon pou adopsyon ak operasyon pwogram yo. Yon rezulta odit ki pozitif konfime ke yo te itilize lajan piblik lan jan ke yo otorize l. Depans ki pa otorize yo kapab lakòz ou obije ranbouse yo epi gen possiblité pou gen penalite anplis.

**Dokimantasyon:** Règleman ak politik yo mande pou akò sibvansyon adopsyon pou sibvansyon andikape yo gen yon dokiman ki soti lakay yon doktè, sikològ, sikiyat oswa "pwofesyonèl kalifye" ki gen ladann dyagnostik la oswa evalyasyon kondisyon fizik, mantal oswa emosyonèl yon timoun oswa andikap ki ta konstitye yon obstak enpòtan pou adopsyon timoun nan.

**Dat Efektif:** Dat efektif la se dat ke peman sibvansyon adopsyon an ap kòmanse. An jeneral, Sibvansyon pou antretyen pap kòmanse anvan yon adopsyon fini nan ka yon timoun kote se responsab sèvis sosyal yo ki responsab li epi k ap okipe l.

**Apwobasyon final:** Ofisyè NYSAS oswa ofisyè NYSAS ki otorize a dwe revize ak siyen Akò pou Adopsyon ak Depans Adopsyon ki pa Renouvlab pou konplete dénye etap nan pwosesis revizyon an.

**Tarif Ebèjman Pou Fanmi Akèy:** Sa a se kantite lajan yo peye pou paran akèy(yo) oswa pou yon paran adoptif potansyèl pou kenbe timoun (yo) anba gad yo ak gad yon ofisyèl sèvis sosyal oswa yon ajans volontè otorize. Tarif Ebèjman Pou Fanmi Akèy la baze sou bezwen timoun nan epi li etabli sou fòm espesyal regilye/nòmal (debaz) oswa eksepsyonèl jan sa defini nan règleman yo.

**Timoun andikape:** Timoun andikape vle di yon timoun ki gen yon pwoblèm fizik espesifik, mantal oswa emosyonèl oswa andikap ke biwo a estime ki ka konstitye yon obstak enpòtan nan adopsyon timoun nan.

**Timoun ki difisil pou plase:** Yon timoun ki pa yon timoun andikape e ki pa plase pou adopsyon nan sis mwa apre ke yo te libere l oswa plase l, padan yon peryòd sis mwa apre yon pétibasyon nan adopsyon l. Yon timoun ka satisfè tou kalifikasyon pou li kalifye kòm yon Timoun ki difisil pou plase si li te nan yon plasman pou yon peryòd tan espesifik anvan li siyen Akò Plasman Adoptif la oswa si li satisfè sèten kondisyon tankou laj, gwoup frè ak sè oswa lòt kondisyon.

**Gadyen legal/Gadyen:** Gadyen legal siyifi yon gadyen oswa gadyen ke tribunal nonmen apre lanmò paran adoptif (yo). Aplikasyon pou chanjman benefisyè an dwe soumèt bay Sèvis Adopsyon Eta New York pou revizyon ak apwobasyon atravè fòmilè **LDSS-4623C-2**.

**Asistans Medikal (MA)/Medicaid:** Se pwoteksyon medikal pou timoun ki swa elijib pou Tit IV-E oswa ki pa elijib pou Tit IV-E men ki elijib dapre dispozisyon federal Lwa Rekonsilyasyon Bidjè Konsolide Omnibus (Consolidated Omnibus Budget Reconciliation Act, COBRA) nan lane 1985 anvan finalizasyon.

**Sibvansyon Medikal:** Sa a se ranbousman medikal pou yon timoun ki adopte (yo) ki pa kalifye pou Medicaid (Gade pi wo a). Pwogram sa a egziste pou paran adoptif (yo) peye pou depans medikal pitit li a epi soumèt reklamasyon pou ranbousman bay depatman sèvis sosyal lokal la. Peman ranbousman yo fèt pa sèvis sosyal depatman lokal yo epi yo p

ap depase orè peman pou swen yo, sèvis ak founiti ki disponib nan pwogram Asistans Medikal Eta New York. Yo ka itilize sibvansyon medikal yo pou peye pou depans kalifye ki pa kouvri pa okenn lòt asirans paran adoptif la (yo).

**Depans adopsyon ki pa renouvlab:** Depans adopsyon ki pa renouvlab yo se depans rezonab ki fèt yon sèl fwa gen rapò ak finalizasyon adopsyon yon timoun ki gen bezwen espesyal. Akò Sibvansyon pou Adopsyon ak Depans Adopsyon ki pa Renouvlab yo dwe apwouve anvan finalizasyon adopsyon an pou timoun ki elijib yo ka kalifye. Depans sa yo ap ranbouse apre adopsyon timoun nan fini epi yo pa ka depase nivo maksimòm ke Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi Eta New York la etabli an. Yo dwe soumèt resi oswa lòt dokiman sipò ki apwopriye yo nan yon delè dezan apre finalizasyon adopsyon an bay depatman sèvis sosyal lokal ki te gen gad timoun nan anvan finalizasyon an. Se pa tout timoun ki gen bezwen espesyal ki kalifye pou depans adopsyon ki pa renouvlab yo.

**Aplikasyon apre finalizasyon:** se yon demann alekri (**LDSS-4623B**) pou sibvansyon adopsyon pou yon timoun ki te anba gad depatman sèvis sosyal komisyonè a oswa yon ajans volontè ki otorize ki gen adopsyon I ki te finalize san yon sibvansyon. Paran adoptif yo ka mande sibvansyon pou yon kondisyon ki te déjà egziste ke paran adoptif yo te vin konnen pou premye fwa apre finalizasyon adopsyon an epi yon doktè sètifye ke kondisyon an te egziste anvan adopsyon timoun nan oswa yon odyans san patipri deside ke timoun nan gen dwa pou sibvansyon. Adopsyon an.

**Pwofesyonèl kalifye:** Yon pwofesyonèl kalifye se yon enfimyè ki gen lisans Eta New York oswa yon asistan doktè oswa yon anplwaye pwofesyonèl nan Biwo Retadasyon Mantal ak Andikap Developman (OMRDD), Biwo Sante Mantal (OMH), oswa Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ki satisfè de kalifikasyon ke òganizasyon li an mande pou fè yon evalyasyon oswa dyagnostik kondisyon yon timoun ak kalifikasyon pou sèvis yo. Dokimantasyon yon pwofesyonèl kalifye sèlman akseptab pou sèten aplikasyon.

**Règleman yo:** Fè referans a manda federal ak Eta k ap jere pwogram sibvansyon pou adopsyon nan Eta New York.

Reprezantan oswa Benefisyè adoptif: Benefisyè adoptif la (laj 18-21) oswa reprezantan benefisyè a refere a yon moun ki nonmen pou resevwa peman sibvansyon nan men sèvis sosyal distri a apre lanmò paran adoptif la (yo). Aplikasyon pou chanjman benefisyè an dwe soumèt bay Sèvis Adopsyon Eta New York pou revizyon ak apwobasyon gras ak fòm **LDSS-4623C-2**.

**Peman antretyen sibvansyon:** Sa a se peman adopsyon mansyèl ke paran an (yo) oswa lòt benefisyè ki otorize yo resevwa pou pran swen yon timoun ki gen bezwen espesyal ki dwe oswa te adopte jan sa otorize nan Akò Sibvansyon pou Adopsyon ak Depans Adopsyon ki pa Renouvlab yo. Tarif peman antretyen an baze sou to konsèy swen adoptif depatman sèvis sosyal lokal yo. Nivo tarif la ka bazik, espesyal oswa eksepsyonèl selon bezwen dokimante moun lan. Tarif yo ka afekte pa laj timoun nan, adrès paran adoptif lan oswa revni paran ak gwo sè fanmi an.

**Amannman teknik:** Se yon demann alekri (**LDSS-4623C-1**) pou chanjman nan Akò ki apwouve apre finalizasyon an. Amannman Teknik la pa mande yon chanjman nan nivo peman an. Chanjman sa yo kouvri pa yon amannman teknik;

- Ajoute yon lòt paran adoptif nan Akò a lè timoun ki adopte a, adopte pa yon dezyèm paran oswa
- Chanjman non paran adoptif yo sou Akò a akòz yon chanjman nan sitiyasyon matrimonyal yo oswa
- Chanje non yon gadyen legal la oswa reprezantan benefisyè a akòz yon chanjman nan sitiyasyon matrimonyal li.

**Vèsyon Amelyore oswa Amannman Sibstansyèl:** Yon vèsyon amelyore oswa yon amannman sibstansyèl se yon demann alekri (**LDSS-4623C-2**) ke yo fè apre finalizasyon adopsyon an pou yon ajisteman nan tarif sibvansyon oswa kalifikasyon an. Yo soumèt yon amelyorasyon pou

- Yon pwoblèm sante ki vin agrave ke paran yo konnen nan moman adopsyon an, oswa devlopman yon kondisyon andikap ki pa t idantife nan Akò oriinal la epi dokiman aktyèl la sipòte pi gwo pouvantaj ke yo mande a.

**Yo soumèt yon amannman sibstansyèl pou:**

- Ajoute yon gadyen legal, moun k ap adopte oswa yon reprezantan lè yon paran adoptif (yo) mouri.
- Fè yon chanjman akòz dispozisyon nan lwa oswa règleman ki gen enpak sou kalifikasyon sibvansyon timoun nan oswa
- Konfòme ak yon desizyon odyans san patipri.

**Remak:** Pwosesis la ka varye pou timoun ke yo remèt direkteman bay yon ajans volontè otorize Eta New York.  
Kontakte Sèvis Adopsyon Eta New York la nan 1-800-345-5437 pou plis enfòmasyon.